

Mizajou OSS - 18/9/2020

Chè Paran/Responsab OSS:

Nou kwè tout bagay te byen pou ou menm ak pitit ou an pandan twa (3) premye jou yo! Nou ap di tout pwofesè espesyal yo, parapwofesyonèl yo, sikològ lekòl la yo, travayè sosyal yo, founisè sèvis edikasyon yo, spesyalis teknoloji asiste ak konpòtman yo, ak anseyan an chèf yo/espesyalis enklizyon yo ki te fè semèn ki sot pase a rete nan memwa elèv yo mèsè.

Anba la w ap jwenn kèk enfòmasyon kle pou semèn sa a ansanm ak tout kesyon epi repons nan dènye Reyinyon Kominotè OSS la.

MIZAJOU

Konferans Fanmi OSS yo + Plan Etid a Distans yo

Akòz sikonstans yo ki difisil, Konferans Fanmi OSS yo ap ranvwaye pou **aprè 18** Septanm 2020. Paran yo/moun k'ap pran swen timoun yo ka gen reyinyon ki planifye anvan, pandan oswa apre moman klas yo nan semèn k ap vini yo. Nou prezante eskiz nou pou sa k rive a. Ekip nou an ap fè byen rapid nan travay yo pou planifye reyinyon yo epi rasanble enfòmasyon nan men paran/moun k'ap pran swen timoun yo sou timoun yo epi finalize etid a distans lan.

Manyèl Pwoteksyon Pou Mizajou sou Sèvis An Pèsòn:

Semèn sila a, ekip pwofesè sante piblik la, pwofesè OSS yo, ak paran yo te pale sou kijan pou bay sèvis edikasyon nan klas la ak andeyò klas la epi yo te repale sou posibilite ki genyen pou elèv ki paka pote yon mask oswa aplike distans sosyal la. Semèn k ap vini an, nou ap gen pou nou panche sou administrasyon egzamen yo epi jere konpòtman nan yon bon fason. N ap bay yon mizajou an dirèk nan pwochen Reyinyon Sou Komite nou an nan Mèkredi k ap 30 Septanm 2020 an.

Kalifikasyon pou sèvis Pèsònèl.

Ekip IEP yo ap reyini nan moman an ak paran/moun k ap pran swen timoun yo pou detèmine ki sèvis elèv ki gen IEP yo nan katriyèm rive douzyèm ane yo ki pa nan pwogram separe ap ka jwenn aksè ak yo. Ministè Edikasyon an (Department of Education) te bay kèk kritè espesifik. Kèk nan kritè yo gen ladan li: si yon elèv nan yon salklas sibstansyèlman separe, si elèv la pa gen aksè ak sèvis a distans yo menm, si elèv la se yon timoun adoptif, si elèv la ap resevwa sèvis ELL yo (Aprantisay Lang Anglè a), epi elèv matènèl yo. Elèv ki gen bezwen konplike epi endividyèl yo ekip yo pral analize yo ka pa ka. Ekip yo pral analize nati andikap timoun lan epi aksè ak sèvis pami lòt kritè. Sa pral gen ladan li yon analiz konplè sou elèv la epi fason nou kapab akeyi elèv sa yo ki pa rantre nan youn nan kategori presi DESE yo. Elèv ki nan Pwogram Espesyal la pase nan twazyèm ane epi pwogram sibstansyèlman separe a elijib pou opsyon an pèsòn san yo pa bezwen yonreyinyon ak ekip IEP a.

Pwofesè/Founisè Sou Plas yo

Tanpri sonje: Elèv yo **pa** oblije gen menm pwofesè espesyal la oswa menm founisè sèvis ki gen rapò ak tranzisyon yo te genyen nan klas anliy yo an. Paran/Moun k ap pran swen timoun yo ap resevwa enfòmasyon ki gen rapò ak kiyès k ap nouvo founisè timoun yo an anvan sèvis an pèsòn lan kòmanse.

Sèvis Transpò Ekstèn distri a (RAPÈL)

Biwo Sèvis pou Elèv yo gen bezwen enfòmasyon nan men fanmi lan ak lekòla anvan yo planifye transpò a. Si ou se yon kontak Ki Andeyò Distri a, tanpri fè paran w konnen yo dwe ekri Espesyalis Sèvis pou Elèv yo, Janet, nant jsnedeker@cpsd.us, si yo gen bezwen sèvis sila a. Sa ap pran *omwen* twajou pou transpò a kòmanse.

Aparèy Chromebook/Entènèt (RAPÈL)

- Si Chromebook pitit ou a pa byen mache, souple ekri nan helpdesk@cpsd.us.
- Si pitit ou an bezwen yon Chromebook oswa entènèt, tanpri fè responsab dosye pitit ou an konnen sa nan konferans lan. Tout demann aparèy ap pase nanadmnistrasyon Kontak Fanmi yo.

REYINYON KOMINOTÈ OSS 9/10 LAN (KESYON AK REPONS)

Nou te òganize kesyon yo nan uit kategori. Pwogram Espesyal, Sèvis An Pèsòn, Kalandriye Eskolè, Sèvis IEP yo, Aksè, Plan Aprantisay A Distans, Teknoloji, ak elatriye. Nou òganize kesyon yo nan uit kategori. Pwogram Espesyal, Sèvis An Pèsòn yo, Kalandriye Eskolè, Sèvis IEP yo, Aksè, Plan Aprantisay A Distans, Teknoloji, ak elatriye. Souple ale gade tout lis *Kesyon ak Repons yo nan seksyon paj wè nou an ki se Mizajou Ane Lekòl 2020-2021*.

Menm jan sa toujou ye, si nou gen lòt kesyon, tanpri rele biwo prensipal nou an nan 617-349-6500. Mèsi pou sipò ak kolaborasyon ou toujou bay!